



Avantaj konpansasyon travayè ou yo



**Workers'
Compensation
Board**

Konpansasyon travayè peye pou swen sante pou trete yon blesi oswa yon maladi ki gen rapò ak travay. Li peye ou tou yon avantaj pou salè ki pèdi.

SI OU TE BLESSE OSWA OU TE VIN MALAD AKÒZ TRAVAY OU

1. Chèche swen medikal imedyatman. Enfòm founisè swen sante ou ke ou gen yon blesi oswa yon maladi ki gen rapò ak travay ou.
2. Di patwon ou, alekri, kilè, ki kote, ak kijan ou te blese. Fè sa nan 30 jou apre ou fin blese.
3. Ranpli yon **Reklamasyon Anplwaye (Fòm C-3)** pou rapòte blesi oswa maladi ou bay Konsèy Konpansasyon Travayè a (Konsèy) pi vit posib. ENPÒTAN: Ou dwe depoze yon reklamasyon nan lespas de ane apre ou fin blese oswa malad la; sepandan, li pi bon pou depoze li pi vit ke posib. Menm si patwon ou dwe rapòte ensidan an tou, li itil pou w fè rapò pa ou tou. Si ou te deja blese nan menm pati kò a anvan, oswa si ou te gen yon blesi ki sanble, ou dwe ranpli tou yon **Otorizasyon Limite pou Divilgasyon Enfòmasyon Sante (Fòm C-3.3)**. Fòm yo pou Konsèy la disponib isit la: wcb.ny.gov/forms.

Depoze yon reklamasyon

PI RAPID: Vizite wcb.ny.gov/file-claim, epi ranpli fòm an liy **Reklamasyon Anplwaye (Fòm C-3)**.

Si ou vle, ou ka soumèt yon vèsyon papye nan **Fòm C-3**

SWEN SANTE

An jeneral, ou ka itilize nenpòt founisè swen sante Konsèy la otorize, enkli Rezo Klinik Sante Okipasyonèl Eta New York. Li enkli tou doktè, enfimye pratikan, ak asistan doktè konsèy la

otorize, epi/oswa espesyalis tankou akiponktè, kiwopratisyen, travayè sosyal klinik ki gen lisans, terapet okipasyonèl, terapet fizik, podològ ak sikològ. Si konpayi asirans patwon ou a (oswa patwon ki asire tèt li) gen yon rezo founisè preferab (preferred provider organization, PPO) pou swen medikal nan kad konpansasyon travayè, ou dwe resevwa premye tretman ou nan rezo PPO a.

Si konpayi asirans sa a genyen tou yon rezo famasi oswa yon rezo pou tès dyagnostik, ou dwe jwenn sèvis yo nan rezo sa yo. Konpayi asirans lan dwe enfòm ou sou rezo founisè li egzijè yo epi kijan pou itilize yo.

Pa peye ak pòch ou pou tretman, medikaman, oswa ekipman yo preskri nan kad konpansasyon travayè. Konpayi asirans konpansasyon travayè a peye bòdwo sa yo, sòf si ou pa pouswiv reklamasyon an oswa Konsèy la deside li pa yon reklamasyon ki valab. Se sèlman nan ka sa yo ou ka peye founisè yo (oswa soumèt bòdwo yo bay konpayi asirans sante regilye ou).

Ou ka jwenn lis founisè swen sante Konsèy la otorize yo nan wcb.ny.gov/find-a-provider. Si ou gen pwoblèm ak swen w oswa si w bezwen èd pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki otorize, rele **Biwo Direktè Medikal** Konsèy la nan **(800) 781-2362**.

DEPLASMAN AK LÒT DEPANS

Yo ka ranbouse w pou milyaj, transpò piblik, oswa lòt depans nesesè ou fè lè w ap deplase pou tretman oswa pou egzamen medikal endepandan. Soumèt resi pou depans sa yo omwen chak sis mwa bay Konsèy la ak konpayi asirans lan lè w itilize **Dosye Moun k ap Fè Reklamasyon an pou Depans Medikal ak Deplasman ak Demann pou Ranbousman (Fòm C-257)**, ke w ap jwenn sou sitwèb Konsèy la nan, wcb.ny.gov/forms.

AVANTAJ POU SALÈ KI PÈDI

Konpayi asirans lan dwe peye ou avantaj pou salè ou pèdi san reta si blesi oswa maladi ou a:

- Anpeche ou travay plis pase sèt jou.
- Lakòz yon pati nan kò ou vin enfim nèt ale.
- Lakòz ou touche mwens lajan paske ou oblije travay mwens èdtan oswa fè yon lòt kalite travay pase sa ou te konn fè avan ensidan an.

SI GEN YON ODYANS

Yo souvan peye avantaj yo otomatikman. Sepandan, pafwa odyans yo nesesè pou rezoud kèk pwoblèm. Si yon odyans nesesè, w ap resevwa yon avi ki soti nan Konsèy la ki endike rezon, dat, ak lè odyans lan. Revize tout lèt ou resevwa nan men Konsèy la epi reponn jan yo mande a. Kenbe kopi pou dosye ou.

Li enpòtan pou ou patisipe nan odyans ou yo.

Odyans ou a ap fèt yon fason vityèl sof si yon jij otorize ou parèt an pèsonn. Gade avi odyans ou a pou enstriksyon sou fason pou patisipe nan odyans lan. Si ou pa ka patisipe nan yon odyans lan, fè Konsèy la konnen imedyatman apre ou resevwa avi odyans lan pou replanifye li.

Ou gen dwa pou gen yon avoka/oswa reprezantan ki gen lisans nenpòt moman nan reklamasyon ou. Li enpòtan pou konprann sa k ap pase nan reklamasyon ou a. Konseye legal ou ka reponn kesyon ou yo. Si ou pa gen reprezantan, mande jij la oswa rele Konsèy la.

SI YO KONTESTE REKLAMASYON OU

Pafwa, konpayi asirans yo konteste reklamasyon yo. Konpayi asirans lan ka pa dakò ke ou te gen yon blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay la, oswa li ka deklare li pa t asire patwon ou, oswa li ka bay yon lòt rezon. Si yo konteste reklamasyon ou, Konsèy la ap fè yon odyans. Yon jij Lwa sou Konpansasyon Travayè yo ap revize dosye medikal ou, salè ou, ak lòt prèv ak temwayaj. Apre sa, jij la ap deside sou kesyon an epi detèmine nenpòt avantaj ou pral resevwa.

Ou menm oswa konpayi asirans patwon ou an ka konteste desizyon sa a, alekri, nan lespas 30 jou apre dat anrejistremman an. Twa manm Konsèy la ap revize kontestasyon an epi yo ka dakò ak li, chanje li, oswa rejte li. Yo ka mande plis odyans tou.

Si yo konteste ka ou a, ou ka fè demann pou resevwa avantaj pou andikap pandan yo ap tandè ka a. Pou fè demann pou

avantaj pou andikap, ou pral bezwen soumèt yon *Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj pou Andikap (Fòm DB-450)*, ki disponib nan wcb.ny.gov/forms. Ou ka rele Konsèy la pou asistans oswa vizite yon biwo Konsèy la. Si reklamasyon konpansasyon travayè a rezoud an favè ou, avantaj pou andikap yo ap dedui nan kantite lajan ou resevwa pou salè ou pèdi.

YON KALANDRIYE POU REKLAMASYON OU

Tretman medikal: Chèche swen medikal imedyatman. Ale wè doktè ou 15 jou apre blesi a epi apre sa chak 90 jou si ou toujou ap pèdi tan travay.

Ranplasman salè: Si ou enfim, yo aksepte ka ou a, epi ou rate plis pase sèt jou travay, yo pral peye ou nan 18 jou apre aksidan an oswa nan 10 jou depi lè konpayi asirans lan te enfòmè. Si yo konteste ka ou a, w ap gen yon odyans pou detèmine reklamasyon ou. An mwayèn, yo pral pwograme yon odyans 28 jou apre dat reklamasyon an te konteste.

ASISTANS NAN LANG

Konsèy la pral tradui dokiman yo nan nenpòt lang ou bezwen epi/oswa bay yon entèprèt pou odyans ou a, san okenn frè pou ou. Tanpri rele **(877) 632-4996** oswa vizite wcb.ny.gov/lac pou fè aranjman pou tradiksyon oswa entèpretasyon. Ou ka mande yon entèprèt pandan pwosesis enskripsyon pou odyans ou a.

GEN ÈD KI DISPONIB

Si w gen difikilte ak reklamasyon ou a, Defansè pou Travayè ki Blese Konsèy la kapab ede ou. Si ou bezwen èd pou retounen nan travay, patwon ou ka gen lòt travay oswa travay lejè pou w fè pandan w ap refè — konseye nan domèn reyabilitasyon pwofesyonèl nan Konsèy la ka ede ou tou. E si w ap fè fas ak pwoblèm fanmi oswa finansye akòz blesi ou a, Konsèy la gen travayè sosyal ki gen lisans ki kapab ede ou tou. Pou jwenn plis enfòmasyon:

■ Vizite wcb.ny.gov/returntowork

■ Rele **(877) 632-4996**

Voye imel bay:

■ Defansè pou Travayè ki Blese nan advinjur@wcb.ny.gov

■ Reyabilitasyon Pwofesyonèl nan vocrehab@wcb.ny.gov

■ Sèvis Sosyal nan socialworkers@wcb.ny.gov